


Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun



Ti Panganiaya
kana Juru
Da'wah



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Gusti ngalakukeun
hal-hal anu hébat
ngalangkungan umat-Na
di gereja anu mimiti.



Hiji lalaki, ngaranna
Pilipus, sibuk ngabejaan
jalma di kota rame
ngeunaan Yesus. Tapi
Allah ngutus manéhna
ka gurun keusik. Naha?






Allah uningaeun aya hiji
musafir di gurun keusik,
pangawasa di handapeun
Ratu Sri Kandasi ti
Étiopia. Anjeunna nuju
ka bumi bari maca Buku
khusus. Naha anjeun
tiasa nebak buku naon
éta teh?



Nalika
Pilipus
nurut ka
Allah, ku Allah
dipingpin langsung
ka pangawasa anu maca
Firman Allah bari teu ngarti.
Anjeunna ngajak Pilipus
pikeun ngiringan anjeunna.



"Naon hartosna ieu?" pangawasa nanya ka Pilipus. Sabot kareta oyag di jalan gurun keusik, Pilipus muka bahamna, dimimitian dina Kitab Suci, ngawartosan Yesus ka anjeunna.







Panguasa Afrika teh geura-giru percaya kana talatah Alkitab, yén Yesus Kristus teh Putra Allah. Ningali cai, anjeunna nyarios, "Naon anu ngahalangan kuring dibaptis?"



Lajeng Pilipus ngadawuh, "Lamun percaya sajeroning haté, anjeun tiasa." Nalika pangawasa ngajawab, "Kuring percaya yén Yesus Kristus teh Putra Allah," Pilipus nungtun ka cai sarta ngabaptis anjeunna.



Sabot aranjeunna kaluar
tina cai, Ruh Gusti nangkep
Pilipus, supados panguasa
Afrika henteu ningali deui
anjeunna. Anjeunna balik
deui ka Étiopia kalayan bagja!




Tapi sababaraha urang mikaijid ka urang Kristen.
Stepanus, salah saurang sobat Pilipus, geus dipaéhan
ku jalma-jalma nu ambek-ambekan teu hayang
manéhna nyarita ngeunaan Yésus. Aya hiji jelema
anu ngaranna Saulus ti Tarsus geus mantuan maehan
Stefanus. Saul ijid ka kabeh urang Kristen.



Saulus, bari ngancam jeung
maehan urang Kristen, indit ka
Imam Agung jeung meunang
surat anu masihan hak pikeun
nangkep sakur lalaki atawa
awewe anu nuturkeun Yesus.






Karunya Saul
urang Tarsus teh!
Anjeunna henteu
terang yén nalika
anjeunna nyiksa
umat Allah, anjeunna
leres-leres nyiksa
Gusti Yesus. Allah
kedah ngeureunkeun
Saul. Tapi kumaha?



Allah "nangkep" Saul!
Nalika Saulus nuju ka
kota Damsik, Gusti
mancarkeun cahaya
anu agung ti Sawarga.
Saul tibeubeut kana
taneuh. Lajeng anjeunna
ngadéngé Sora.






"Saha Anjeun, Gusti?" Saul ngagorowok.
"Kuring Yesus, nu kuanjeun dikaniaya."
Ngageter tur héran, Saul naros, "Gusti,
naon anu ku abdi kedah dipilampah?"
Tuluy Gusti ngadawuh ka manéhna,
"Geura indit ka kota, anjeun bakal
dibéjaan naon anu kudu dipilampah."




Jalma-jalma anu
aya sareng Saul
oge ngadareng
Sora eta, tapi teu
aya anu ningali.
Saul tuluy hudang
- sarta tétéla yén
anjeunna lolong!
Maranehna
nganteur
anjeunna ka
Damaskus.



Di eta kota Saul teu
pendak sareng anjeunna
salami tilu dinten, henteu
tuang atanapi nginum.
Panginten anjeunna
nyéépkeun waktos
ngadoa ka Gusti Yesus
anu nepungan anjeunna
di jalan Damsik.




Gusti parantos ngarencanakeun
sadayana. Di Damsik aya hiji
murid ngaranna Ananias. Allah
ngutus manéhna pikeun
mantuan Saul. Ananias
sieun. Tapi manéhna
nurut ka Allah. Nalika
anjeunna nempatkeun
leungeun-Na dina
Saul, lolong éta
leungit - sarta
Saul ieu ngeusi
Roh Suci Gusti.




Saulus dibaptis. Lajeng anjeunna
tuang. Sareng nalika anjeunna
nampi tuangeun, anjeunna
dikuatkeun. Saul butuh kakuatan.
Anjeunna ngagaduhan hal anu
penting pikeun dilakukeun.




Geuwat Saulus ngawawarkeun Kristus di tempat ibadah, yen Anjeunna teh Putra Allah. Sakur anu ngadarengé hareran, tuluy ngaromong, "Ieu téh lain anu ngancurkeun urang Kristen?" Jeung sababaraha urang ngarencanakeun pikeun maehan Saul.





Musuh anyar Saul keur ngajagaan lawang-lawang kota pikeun maehan Saul lamun manéhna rék ninggalkeun kota. Tapi babaturan anyarna, urang Kristen, nyandak anjeunna peuting-peuting tuluy nurunkeun kana témbok dina karanjang nu badag.






Ti saprak harita,
Saulus anu tadina
nyiksa urang Kristen
hirup salaku pengikut
satia ka Guru anyarna,
Gusti Yesus Kristus.



Ti Panganiaya kana Juru Da'wah
Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab
Kenging ti
Kisah Rasul 8-9

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





| 58

||||| 60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

